

## **Pwojè Redewlopman Estasyon Aviyasyon Naval South Weymouth Reyinyon Enfòmasyon Pre-konstriksyon**

Yon koantrepriz ant New England Development ak Brookfield Global Real Estate (BGRE) pral kòmanse aktivite konstriksyon anrapò ak redevlopman Estasyon Aviyasyon Naval South Weymouth (SWNAS) nan Weymouth, Abington, ak Rockland, ki pral gen ladan yon melanj itilizasyon rezidansyèl ak komèsyal ke yon gwo rezo espas ouvè sipòte. Otorite Redewlopman Southfield (Southfield Redevelopment Authority, SRA) ansanm ak Ekip pwojè a kontan envite w nan yon reyinyon enfòmasyon pre-konstriksyon anrapò ak kòmansman konstriksyon an ki prevwa fèt nan mwa septanm nan:

Dat ak lè: Jedi, 27 Out 2026, 6:30 – 8:00 PM

Lokal: Tufts Library Multipurpose Room  
46 Broad Street, Weymouth

Pou moun ki pa kapab patisipe an pèsòn, materyèl yo ap disponib pou gade sou sit entènèt pwojè a.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan pwojè a sou sit entènèt pwojè a:

[Reimagine the Base – Reimagine the Base](#)

Tanpri kontakte Jason Hellendrung nan [jason.hellendrung@tetrattech.com](mailto:jason.hellendrung@tetrattech.com) oswa 508-786-2220 anvan 5:00 pm nan Lendi, 24<sup>Out</sup> si ou ta renmen (i) sèvis entèpretasyon ak sèvis tradiksyon nan reyinyon an; (ii) transpò pou ale nan reyinyon an (oswa ranbousman pou transpò ou); ak/oswa (iii) gadri nan reyinyon an (oswa ranbousman pou gadri pandan reyinyon an).

Si ou pa kapab patisipe nan reyinyon an an pèsòn, men ou ta renmen pwograme yon reyinyon pou revize ak/oswa diskite sou pwojè a ak ekip pwojè a, ou ka mande yon reyinyon lè w kontakte Jason Hellendrung nan [jason.hellendrung@tetrattech.com](mailto:jason.hellendrung@tetrattech.com) oswa 508-786-2220.